



Pou Piblikasyon Imedya: 15/11/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO INISYATIV POU SIPÒTE KWASANA  
EDIKASYON AGRIKÒL NOUYÒK LA**

*Aprè premye Konferans Jèn yo sou Agrikilti Nouyòk la, Gouvènè a anonse  
lansman Panèl Riban Ble*

*Yo bay konferans lan swit ak Inisyativ Eta Leta 2024 Gouvènè Hochul la pou bay  
elèv Nouyòk yo plis opòtinite edikatif, lidèchip ak fòmasyon nan agrikilti*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman nouvo Panèl Riban Ble (Blue-Ribbon Panel) a pou avanse edikasyon agrikòl ak plis investisman pou devlope edikasyon agrikòl ak sipòte lidèchip jèn yo aprè premye Konferans Jèn yo sou Agrikilti (Youth Agriculture Conference) Eta a. Konferans lan, ki te fèt mèkredi ak jedi nan Empire State Plaza nan Albany, te reyini prèske 300 elèv segondè nan FFA, 4-H ak Sosyete Nasyonal pou Minorite yo nan Agrikilti, Resous Natirèl ak Syans Konèks (Minorities in Agriculture, Natural Resources and Related Sciences, MANRRS) yo. Elèv yo te soti toupatou nan eta a pou idantifye opòtinite pou angajman jèn yo nan agrikilti ki reflekte bezwen mendèv avni endistri a.

"Antanke yon ansyen 4-Her, mwen konprann enpòtans edikasyon agrikòl pou jèn yo ak ki valè li genyen pou asire nou gen yon endistri agrikòl ki solid, ki dinamik", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk finansman adisyonèl yo bay pou sipòte pwogramasyon enpòtan yo ak yon nouvo Panèl Riban Ble ki pral atake defi yo epi idantifye nouvo opòtinite nan domèn sa a, nou pral trase yon chemen klè pou pwochen jenerasyon lidè agrikòl nou yo, ki rasanble jèn yo ki soti nan tout kwen nan Eta Nouyòk nou an."

Komisè Agrikilti Eta a, Richard A. Ball, te demare konferans lan, an patenarya ak Pwogram Edikasyon ak Sansibilizasyon Agrikòl Fakilte Agwonmi ak Syans Lavi Cornell University a Konferans de jou a te gen ladam de sesyon ak atelye pou bay elèv Nouyòk yo opòtinite pou yo konekte ak lidè eta yo ak pi byen konprann kijan politik fasone endistri alimantè, agrikòl ak resous natirèl ki konekte yo. Elèv yo te eksplòre anpil defi ak posiblite ki genyen nan endistri sa yo, konekte ak lòt elèv ak pwofesyonèl konsènan pwòp enterè yo epi dekouvri yon pakèt posiblite karyè nan agrikilti.

Aprè premye jou diskisyon an, Gouvènè a te anonse etablisman yon Panèl Riban Ble pou Avanse Edikasyon Agrikilti, ki pral reyini tout moun ki gen enterè nan endistri

alimantè ak agrikòl la, enstitisyon edikatif, ak edikatè yo pou trase yon chemen pou ranfòse edikasyon agrikilti ak sipòte bezwen ki gen plizyè aspè nan mendèv la. Panèl la pral travay ansanm, atravè òganizasyon respektif yo, pou evalye anpil opòtinite pou edike jèn jodi a nan sistèm manje ak agrikilti nou an; egzamine baryè ak opòtinite pou ogmante edikasyon agrikòl nan lekòl yo; revize sètifikasyon ansèyman agrikòl; epi sipòte sistèm agrikilti ak mendèv alimantè a. Panel la pral bay Gouvènè a yon rapò pou adrese pwoblèm sa yo epi bay pwochen etap yo.

Anplis de sa, Gouvènè a te anonse 50,000 dola yo pral bay pwogram 4-H nan tout eta a nan Cornell University, nan kad Ekstansyon Koperativ Cornell (Cornell Cooperative Extension) la, pou vizyon estratejik ki pral reyini ansanm anplwaye eta a, lidèchip konte a ak jèn yo pou make wòl kle 4-H pral jwe nan prepare jenès NNouyòk yo pou 10 ane k ap vini yo. Pandan 4-H nan Nouyòk ap kontinye evolye pou satisfè bezwen jèn moun k ap chanje yo, tankou adapte yo ak nouvo tan ak espas pou konseye yo, pwosesis sa a pral pèmèt 4-H fè envantè fòs ak opòtinite li yo, idantifye bezwen dinamik jèn yo jodi a, epi kreye yon plan pou lanse 4-H nan pwochen deseni karyè ak devlopman lidèchip nan Nouyòk.

**Komisè Agrikilti Eta Nouyòk la, Richard A. Ball, te deklare,** "Mwen kontan anpil pou m fè pati premye Konferans Jèn sou Agrikilti sa a, k ap rasanble plizyè santèn etidyan nou yo ki soti nan tout kwen Nouyòk ki gen yon pasyon ak eksitasyon pou agrikilti ki kontajye. Gen yon gwo momantòm isit la nan Eta a, ki te dirije pa Gouvènè nou an, nan investè nan edikasyon agrikòl ak sipòte lidèchip nan tout òganizasyon agrikòl jèn nou yo. Gen yon gwo momantòm isit la nan Eta a, ki te dirije pa Gouvènè nou an, nan investè nan edikasyon agrikòl ak sipòte lidèchip nan tout òganizasyon agrikòl jèn nou yo."

**Senatè Eta Michelle Hinchey te deklare,** "Chemen ki mennen nan yon ekonomi solid ak pwovizyon alimantè ki an sekirite lye dirèkteman ak fason nou, antanke eta, ede pwochen jenerasyon an franchi etap pou mennen divès sektè ak endistri agrikòl Nouyòk yo. Lide ak konvèsasyon yo te pwovoke nan premye Konferans Jèn yo sou Agrikilti Nouyòk la enpòtan anpil pou ede elèv yo dekouvri ki jan yo ka fè pasyon endividyèl yo vin yon karyè tanjib. Ansanm ak lansman Panèl Riban Ble a ak sipò dirèk pou pwogram lidèchip nan tout eta a, n ap travay pou konstwi yon fondasyon solid pou avni agrikilti Nouyòk la epi prepare pwochen jenerasyon an pou dirije ak objektif."

**Manm Asanble Donna Lupardo te deklare,** "Edikasyon agrikòl atravè pwogram tankou FFA, 4-H, ak MANRRS enpòtan pou avni endistri agrikòl Nouyòk la, yo ede prepare pwochen jenerasyon veterinè, syantis, pwofesè, antreprenè, ak kiltivatè yo. Konferans Lidèchip Jèn sa a demontre angajman nou anve bon jan kalite edikasyon agrikòl; k ap travay ansanm pou prepare avni agrikilti Nouyòk la. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul ak kòlèg mwen yo pou konferans jodi a ak pou lansman Panèl Riban Ble la, toude pral ranfòse endistri a epi sipòte pwochen jenerasyon lidè agrikòl yo."

**Julie Suarez, Dwayèn Adjwen nan Afè Fonsyè ak Direktris Pwogram Rechèch Translasyonèl pou Fakilte Agwonmi ak Syans Lavi Cornell University a, te deklare,** "Depi nan baz kolèj nou an, Cornell CALS te fòme lidè agrikòl ak anviwònmantral Nouyòk yo. Nou gen onè pou nou patisipe nan konferans sa a ansanm ak patnè SUNY nou yo ak Eta Nouyòk – epi nou gen fòs pou n ede konstwi sou momantòm angajman eta a pou revitalize edikasyon agrikòl nan kominote iben, banlye ak riral nou yo. Mwen trè rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li òganize evènman enpòtan sa a, ki reyini lidè agrikòl aktyèl ak alavni nou yo pou kreye ansanm avni alimantè Nouyòk la ak konsevwa nouvo chemen ak opòtinite karyè pou jèn eta Nouyòk yo."

**Andy Turner, Dwa Adjwen ak Direktè Cornell Cooperative Extension (CCE), te deklare,** "Konferans sa a ap rasanble pwochen lidè nou yo ansanm ak lidè aktyèl yo nan gouvènman an, edikasyon, ak endistri yo pou yo reflechi ak reve sou manje, agrikilti ak ekonomi ki baze sou lanati Nouyòk la, ak wòl jèn jodi a pral jwe nan bati ak soutni vizyon sa a. Rasanble jèn ki soti nan tout kwen eta a, ki gen diferan eksperyans ak koneksyon ak sistèm manje nou an, ekstrèmman enpòtan. Mwen panse ke nou pral retounen sou konferans sa a kòm kòmansman yon nouvo vag inovasyon ak kwasans pou jèn lidè nou yo ak pou Eta Nouyòk."

**Lidè pa Enterim Pwogram Devlopman Jèn 4-H Eta Nouyòk la pou Cornell Cooperative Extension, Alexa Maille, te deklare,** "Konferans Lidèchip nan Agrikilti Jèn Nouyòk la se yon opòtinite inik pou defann etensèl jèn yo nan agrikilti ak sistèm alimantè yo. Li enkwayab pou m temwen lajwa lidè jèn ki soti toupatou nan eta a k ap rasanble youn ak lòt ak lidè adilt yo pandan y ap pataje pasyon yo pou sistèm alimantè yo epi travay ansanm pou kiltive yon avni k ap pwospere."

**Direktè FFA Nouyòk la, Juleah Tolosky, te deklare,** "Evènman sa a bay yon fondasyon pou jèn Nouyòk yo ki soti nan chak kominote pou mete tèt yo ansanm pou eksplore avni manje ak agrikilti nan eta nou an. Lavni an se pou yo epi se pral rezilta aksyon yo, epi se te yon privilèj pou fè patenarya ak ajans ak moun ki apresye wòl jèn nou yo jwe nan siksè eta nou an."

**Ebony Webber, PDG MANRRS, te deklare,** "Sosyete Nasyonal pou MANRRS fyè pou l sipòte inogirasyon Konferans Lidèchip Jèn yo an kolaborasyon ak Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets, AGM) Eta Nouyòk la, Junior MANRRS, 4-H, ak FFA. Evènman revolisyone sa a make yon etap enpòtan nan inifye òganizasyon jèn yo pou enspire ak ekipe pwochen jenerasyon lidè agrikòl yo. Lè nou bay yon platfòm kote jèn yo ka konekte, aprann ak grandi, n ap ankouraje konpetans ak pasyon ki nesese pou mennen inovasyon epi asire yon avni dirab pou agrikilti nan Eta Nouyòk."

**Direktris Agrikilti Nouyòk nan Salklas pou Cornell University, Katie Carpenter, te deklare** "Jèn jodi a se pa sèlman avni agrikilti, men tou inovatè ki pral fasone yon sistèm manje ki pi rezistan, dirab, ak ekita. Agrikilti Nouyòk nan Salklas fyè pou l ede ekipe jèn lespri yo pou kapab anvizaje ak aplike solisyon avanse nan agrikilti, ki soti nan

pratik klimatik entelijan rive nan entegrasyon teknoloji avanse. N ap investi nan yon avni kote sekirite alimantè ak jerans anviwònmantral mache men nan men, ki alimante pa pasyon ak vizyon pwochen jenerasyon an."

Eta Nouyòk te wè yon gwo kwasans nan edikasyon agrikilti ak pwogram FFA pandan plizyè ane ki sot pase yo. Depi 2016, kantite pwofesè agrikòl yo te ogmante pa plis pase 75 pousan, ak yon total 437 edikatè atravè eta a. Anplis de sa, chapit ak manm FFA Nouyòk yo kontinye ap ogmante, sa ki fè yon total 209 chapit FFA ki etabli atravè Nouyòk jodi a. Kounye a gen senk chapit kolèj MANRRS nan tout eta a, soti nan sèlman de an 2022, ak yon chapit jinyò nan John Bowne High School nan Vil Nouyòk. Jodi a, genyen tou yon pwogram 4-H nan tout 62 konte yo nan Eta Nouyòk, ki ofri opòtinite edikatif pou jèn ki enterese nan agrikilti nan chak kwen nan Eta a.

Diskou Eta Leta 2024 Gouvènè a ak Bidjè Ane Fiskal 2025 la bati sou travay sa a nan kontinye priyoreze investisman nan edikasyon agrikòl pou sipòte devlopman mendèv epi asire agrikilti rete yon endistri solid nan Eta Nouyòk. Bidjè a te enkli 250,000 dola nan finansman pou konferans lan, 1.25 milyon dola pou sipòte FFA Nouyòk la, 50,000 dola pou sipòte chat ki etabli Minorite Nouyòk la nan Agrikilti, Resous Natirèl ak Syans ki Konèks yo (Minorities in Agriculture, Natural Resources and Related Sciences, MANRRS) epi devlope lòt ki nouvo, ak 500,000 dola pou sipòte pwogram Agrikilti Nouyòk nan Salklas la epi ogmante kantite edikatè agrikòl sètifye nan eta a. Anplis de sa, yo enkli 250,000 dola pou sipòte edikasyon agrikòl iben. Ansanm, pwogram sa yo ede satisfè demann k ap grandi pou edikasyon agrikòl atravè Nouyòk.

### **Konsènan Patnè Konferans yo**

[FFA Nouyòk la](#) se yon òganizasyon ki aspire prepare jèn yo pou karyè ak pou tout lavi nan chwa otonòm antanke konsomatè ak sitwayen. Atravè konferans, konpetisyon ak pwogram prim, FFA Nouyòk la aspire prezante elèv ki gen tout orijin nan karyè ak pwoblèm ki enpòtan ki pral afekte avni yo. Lè nou devlope enterè ak konpetans, nou sèvi kòm yon pati angaje nan filyè talan pou karyè nan agrikilti, syans manje, jesyon resous natirèl, elektrisite, sistèm estriktirèl ak teknik ak plis ankò.

[4-H](#) se pi gwo òganizasyon devlopman jèn nan Etazini, ki ekipe prèske sis milyon jèn moun ak konpetans pou dirije pou lavi. Nan pwogram 4-H la, timoun ak adolesan konplete pwojè pratik nan domèn tankou sante, syans, agrikilti, ak angajman sivik nan yon anviwònman pozitif kote yo resevwa konsèy nan men konseye adilt epi yo ankouraje yo okipe wòl lidèchip pwo-aktif.

[MANRRS](#) se yon sosyete nasyonal ki akeyi manm tout moun nan tout ras ak patisipasyon gwoup etnik nan karyè agrikòl ak syans konèks yo. MANRRS ofri elèv yo opòtinite pou amelyore lidèchip ak konpetans òganizasyonèl ak konpetans pou pale an piblik, epi fè eksperyans kritik pwofesyonèl nan travay inivèsitè nan yon anviwònman "konvivyal". Pwogram MANRRS Jinyò a fèt pou enspire elèv ki nan klas 7èm-12èm ane pou yo ale nan kolèj epi pouswiv yon karyè nan domèn syans, teknoloji, jeni, agrikòl, ak matematik, oswa STEAM.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)